

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra geus jadi bagian tina pangalaman hirup manusa ti baheula, boh tina puseur sawangan manusa minangka nu nyipta, boh tina puseur sawangan manusa minangka nu ngaprésiasi. Eusina ngawengku sababaraha aspék, salasihijina dina aspék widang atikan. Sastra dina widang atikan miboga pungsi pikeun ngatik tur mekarkeun kamampuh basa tina karya sastra nu dihasilkeunana. Karya sastra téh bisa ditulis dina sababaraha basa, boh basa internasional, nasional, boh basa daérah. Anapon salasihiji karya sastra daérah anu terus mekar di Indonésia nyaéta karya sastra dina basa Sunda.

Basa Sunda minangka basa anu jumlah panyatur kadua panglobana di Indonésia, singhoréng anu makéna beuki ngurangan. Nurutkeun Panalungtik Balai Bahasa Jawa Barat, Ade Mulyana (2013), ngan aya 40% nonoman Jawa Barat anu mikanyaho jeung bisa ngagunakeun basa Sunda dina paguneman sapopoé. Éta hartina, sanajan urang Sunda téh loba, tapi nu ngalarapkeun basana mah bisa jadi ngan saeutik.

Basa jeung Sastra Sunda minangka hiji pangajaran di sakola anu miboga fungsi pikeun mekarkeun kamampuh basa. Tapi, dina émprona, bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola téh kawilang kurang éféktif pikeun siswa. Éta hal bisa disababkeun ku lantaran kurangna bahan ajar anu ngirut. Padahal, mangpaat pangajaran sastra di sakola téh lega, nyaéta dipiharep bisa mekarkeun kamampuh basa, ngaronjatkeun pangaweruh budaya, mekarkeun cipta rasa jeung karsa, sarta bisa ngarojong kana pangwangunan watek siswa. Nilik kana kaayaan ayeuna, beuki lila karakteristik bangsa téh beuki ruksak. Ari sababna ceuk Ernalis (2013, kc.1) alatan faktor lingkungan anu geus ngahiji jeung budaya korupsi, kolusi, népotisme, jeung leungitna budaya kaéra. Ku kituna, sastra téh penting diajarkeun ka para siswa pikeun jadi salah sahiji tarékah nungkulan éta masalah. Sastra téh mangrupa seni dina wangun basa anu sipatna imajinatif.

Sastra ogé bisa dihartikeun ébréhan éksprési manusa dina wangun tulisan atawa lisan dumasar pamikiran, pamadegan, pangalaman, jeung naon-naon anu dirasakeun ku manusa. Ayana karya sastra salian pikeun hiburan, bisa ogé jadi bahan lenyepaneun. Nurutkeun Aminuddin (2013, kc. 36), karya sastra mangrupa hiji hal anu dipikabutuh ku jalma, komo deui upama éta jalma bisa ngaguar eusi jeung ma'na nu aya dina éta karya, boh karya sastra puisi, prosa, boh drama.

Karya sastra nu bisa dijadikeun bahan lenyepaneun keur barudak SMA salasahijina nyaéta novel. Novel mangrupa hasil karya sastra dina wangun prosa nu miboga runtuyan carita rékaan panjang nu nyaritakeun kahirupan manusa. Minangka wangun totalitas, novel ogé miboga unsur-unsur atawa struktur nu silih pakait antara hiji hal jeung hal séjénna. Novel miboga dua unsur, nyaéta unsur intrinsik jeung unsur ékstrinsik. Ieu unsur-unsur téh mangrupa pangwangun kaéndahan anu aya dina novel tur bisa ngalantarankeun ayana rasa kabungah, kasedih, ni'mat, kasieun, jeung bisa ngirut nu maca. Ieu mangpaat téh bisa kahontal nalika urang ngaprésiasi sastra. Ku kituna, ngaprésiasi sastra ku cara nganalisis struktur carita bisa jadi tarékah maham carita pikeun para siswa di sakola.

Pangarang teu salawasna nepikeun pamadeganna dina carita sacara sajalantrahna. Tangtu baé pangarang ogé mikabutuh alat pikeun nepikeun maksud anu nyamuni dina tulisan sacara épéktip. Éta alat téh disebut tanda dina basa. Ku ayana tanda-tanda, pangarang teu perlu nuliskeun sacara jelas hal anu rék ditepikeun. Ieu hal ogé bisa jadi nambahan unsur éstétika dina tulisan. Pangarang mikabutuh tanda-tanda jeung kabeungharan kecap sangkan nu maca bisa nyangking kalawan loba kekecapan dina basa Sunda.

Anapon dina nalungtik hiji karya sastra, tangtu mikabutuh tiori. Wangun tiori dina nalungtik karya sastra novel téh loba, salah sahijina nyaéta maké ulikan semiotika. Nurutkeun Sobur (2009, kc. 15) semiotika nyaéta hiji élmu atawa métode analisis pikeun ngaguar tanda. Semiotika téh ngaguar tanda dina kahirupan manusa, sabab, unggal nu aya dina kahirupan manusa, tangtu miboga tanda anu kudu dibéré ma'na atawa harti. Nurutkeun Hoed (dina Nurgiantoro, 2002, kc. 67), tanda nyaéta hiji hal nu ngawakilan hal séjén anu

mangrupa pangalaman, pikiran, rasa, pamadegan, jeung réa-réa deui. Charles Sanders Pierce ngabagi tanda jadi tilu élemen utama nu disebut *triangle meaning*, nyaéta *representment* atawa *ground* (tanda), *objék*, jeung *interpretant* (Sobur, 2009, kc. 41).

Ieu panalungtikan medar struktur jeung semiotika atawa tanda nu aya dina novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi. Ieu novel téh can kadéskripsikeun jeung can aya nu nalungtik saacanna, utamana maké ulikan struktur jeung semiotika. Ieu hal téh lantaran novel *Tembang Kamelang* kaasup kana novel nu anyar medal, nyaéta taun 2020. Hasil panalungtikan dina novel *Tembang Kamelang* ogé bisa dilarapkeun kana bahan pangajaran maca novel kelas XI di SMA, saluyu jeung KIKD 2013 Revisi 2017, KD 3.6., anu eusina patali jeung maca novel. Tangtu aya tujuan anu baris dihontal dina pangajaranana. Anapon eusi KD 3.6. nyaéta meredih tarékah ti guru sangkan siswa bisa nganalisis eusi, struktur, jeung aspék kabasaan novel. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dipatalikeun jeung pangajaran di sakola sangkan siswa leuwih mikawanoh sastra ku cara neuleuman atawa ngaprésiasi novel.

Panalungtik ngagunakeun novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi minangka objek panalungtikan. Ieu novel téh ngandung tanda-tanda atawa semiotika patali jeung kahirupan budayawan Sunda nu nyaah tur daria dina ngamumulé seni jeung budaya di mangsa kiwari. Nérélékna mangsa jeung robahna jaman téh singhoréng mawa parobahan kana sikep masarakat dina miharti ajén-inajén seni tradisi tur budaya Sunda. Amanah ti pangarang cocog pikeun mekarkeun daya nalar siswa hususna dina numuwuhkeun kacinta kana budaya Sunda tur kasadaran kana pasualan hirup sosial. Ku sabab kitu, panalungtik kairut pikeun nalungtik struktural jeung semiotika dina ieu novel.

Aya sawatara panalungtikan mahasiswa Pendidikan Basa Sunda anu sawanda jeung ieu panalungtikan, di antarana, skripsi nu judulna “Analisis Struktural jeung Semiotik dina Novel Sudagar Batik Karangon Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA” ku Elsyé Priandini, taun 2013. “Analisis Struktural jeung Semiotik dina Novel Saéni Karangon Hadi A.K.S pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMA”, ku Alan Sunda Laksana, taun 2017. “Novél Carita Budak Yatim Karya R. Hanapih pikeun

Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA Kelas XII (Ulikan Struktural jeung Sémiotik)", ku Didit Maulana taun 2018. Anapon anu dina wangun jurnal nyaéta "Kajian Semiotik dalam Novel *Déng* Karangan Godi Suwarna sebagai Bahan Pembelajaran Membaca Novel di Kelas XI SMA" anu disusun ku Debbi Puspita Sari, Dedi Koswara, jeung Retty Isnendes taun 2017.

Sanajan ieu panalungtikan sawanda jeung panalungtikan saacanna, tapi aya bédana, nyaéta dina objék panalungtikanana. Anapon objék ieu panalungtikan téh nyaéta novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi nu dianalisis maké ulikan tiori struktural jeung semiotika. Ieu panalungtikan ogé bakal dijadikeun bahan pangajaran maca novel di SMA.

Dumasar éta pedaran, ieu panalungtikan téh dijudulan "Struktur jeung Semiotika dina Novel *Tembang Kamelang* Karya Tatang Setiadi jeung Implikasina dina Pangajaran Maca Novel di SMA".

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang, idéntifikasi masalah ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Struktur novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi.
- 2) Aspék semiotika dina novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi.
- 3) Implikasi novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Kumaha struktur novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi?
- 2) Kumaha semiotika dina novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi?
- 3) Kumaha implikasi novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan téh sacara umum pikeun ngadéskripsikeun struktur carita jeung semiotika dina novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi, ogé maluruh implikasina pikeun alternatif bahan pangajaran maca novel di SMA.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana rumusan masalah, tujuan husus ieu panalungtikan téh nyaéta:

- 1) Ngadéskripsikeun struktur novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi.
- 2) Ngadéskripsikeun semiotika anu aya dina novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi.
- 3) Ngadéskripsikeun implikasi novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Luyu jeung anu dipedar dina tujuan, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat saperti ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun nambahan pangaweruh, informasi, jeung élmu ngeunaan kumaha struktur jeung semiotika dina novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi sarta larapna dina bahan pangajaran maca novel di SMA.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Pikeun nu nalungtik, dipiharep bisa mekarkeun paélman ngeunaan sastra, hususna dina analisis struktur carita, semiotika, sarta alternatif bahan pangajaran nu kapanggih dina novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi dina aspék nu béda.
- 2) Pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh siswa hususna dina basa jeung sastra Sunda.

- 3) Pikeun guru, dipiharep ieu panalungtikan bisa méré sumbangan bahan ajar dina pangajaran basa Sunda.

1.5 Raraga tulisan

Sacara gurat badag, ieu skripsi kabagi jadi lima bab kalawan wincikan saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis), sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Pustaka, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, medar ngeunaan tiori-tiori anu aya patalina jeung struktur, semiotika, novel, bahan pangajaran, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Tiori anu jadi dadasar dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan struktur carita jeung semiotika sastra.

BAB III Méthode Panalungtikan, medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.

BAB IV Hasil jeung Pedaran Panalungtikan, medar ngeunaan timuan tina hasil panalungtikan ngeunaan struktur jeung semiotika nu nyampak dina novel *Tembang Kamelang* karya Tatang Setiadi, sarta implikasina dina bahan pangajaran maca novel di SMA.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi.